



Pou Piblikasyon Imedya: 12/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE "ADIRONDACK MAC" PRAL SÈVI KÒM MASKÒT OFISYÈL JE MONDYAL INIVÈSITÈ FISU 2023 YO NAN LAKE PLACID

Maskòt la se yon kreyasyon Kristina Ingerowski, yon natif-natal Farmington ak yon etidyan dezyèm ane nan Fashion Institute of Technology

Yo te resevwa prèske 150 soumisyon nan men konkiran nan 35 konte

Foto maskòt la disponib [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse Adirondack Mac pral sèvi kòm maskòt ofisyèl Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 yo nan Lake Placid (Lake Placid 2023 FISU World University Games). Maskòt elan an se yon kreyasyon Kristina Ingerowski, yon etidyan dezyèm ane nan Fashion Institute of Technology ak yon natif-natal Farmington, Konte Ontario. Adirondack Mac se pral yon senbòl trè vizib Je yo, ki atire yon piblik mondyal. Mac pral parèt sou diferan fòm sa gen ladan yon pèsonaj vivan degize; kòm machandiz tankou jwèt, zannimo boure, rad ak lòt souvni; ak nan reklam Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 yo nan Lake Placid planifye pou 12-22 janvyè 2023.

"Eta New York gen yon eritaj ki ba nou fyète ki se òganize konpetisyon entènasyonal, e nou pa ka tann pou n akeyi espòtif kolèj ak antrenè k ap sòti toupatou nan lemonn pou vin nan Lake Placid ak nan Adirondacks yo pou Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 yo nan Lake Placid", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Konpetisyon kreyasyon maskòt la te yon fason san parèy pou montre talan ak kreyativite moun New York yo, e mwen vle fè Kristina Ingerowski konpliman pou kreyasyon gayan li."

Kòm maskòt Je yo, Adirondack Mac pral ede montre bote, cham ak eritaj espòtif Adirondacks yo nan New York. Mac gen yon wotè sis pye e li gen yon pèsonalite ki menm gwosè ak rejyon ki gen menm non avèk li an. Pandan ivè a, ou kapab wè Mac sou pant Mòn Whiteface ak Gore yo oswa ap fè paten a glas bò Herb Brooks Arena, alòske pandan ete a l ap antrene avèk kèk nan pi bon espòtif yo nan etablisman klas mondyal yo nan zòn nan. Mac abitye ap rilaks tou, nan eksplore bann boutik ak restoran san parèy yo toupatou nan kominote North Country yo; ap fè pwonmnad apye nan feyaj otòn li pi pito yo; epi ap patoje nan nenpòt nan lak ak vwa navigab zòn nan pou jwi lapèch ak natasyon. Elan an reprezante sa ki pi bon moun New York yo ak espòtif patisipan yo genyen an komen: fòs, kouraj ak detèminasyon.

Kristina Ingerowski, gayan konpetisyon kreyasyon maskòt la, te deklare, "Se yon lonè dèske yo chwazi kreyasyon maskòt mwen an pou Je Mondyal Inivèsité Ivè FISU 2023 yo nan Lake Placid. Adirondack Mac espesyal pou mwen poutèt mwen pase anpil tan pandan anpil ane avèk granparan mwen ak fanmi mwen ki rete nan Lake Placid. Mwen vle montre bote majestyè ak karaktè rejyon Adirondack la. Pa gen anyen ki pi chaman pase yon elan Adirondack pou reprezante ak selebre lespri konpetisyon espòtif amikal sa a nan Lake Placid."

An mas, Eta New York te lanse yon konkou pou chèche konsèp pou yon maskòt pou reprezante Je Mondyal Inivèsité 2023 yo nan Lake Placid. Yo te ankouraje moun New York yo pou yo soumèt konsèp maskòt ki te montre lespri respè mityèl la nan konpetisyon entènasyonal la ak kè moun New York yo. Yo te resevwa prèske 150 soumisyon nan men konkiran ki te reprezante 87 kominote nan 35 diferan konte nan Eta New York. Apre yon vòt piblik sou sit entènèt I LOVE NY la, te gen 10 kreyasyon ki te vanse devan yon komite seleksyon ki te reprezante inivèsite, gouvènman, touris ak espò. Kòm gayan yo chwazi an, Ingerowski pral resevwa yon pri 5,000 dola kach.

Majistra Lak Placid la Art Devlin te deklare, "Nou pa ka tann pou nou òganize Je Mondyal Inivèsité FISU 2023 yo nan Lake Placid avèk kominote vwazen nou yo, epi pou nou mete Adirondacks yo an valè sou sèn mondyal la. N akeyi avèk fyète Adirondack Mac kòm maskòt ki pral pi byen reprezante North Country pou je sa yo."

Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare, "Je Mondyal Inivèsité FISU 2023 yo nan Lake Placid pral yon trè bèl okazyon pou yon piblik mondyal eksplòre ak vin konn rejyon an - epi Adirondack Mac pral ede nou swete labyenveni sa a. Rejyon an se yon paradi pou espò ivè, avèk mòn ki radi ak majestyè menm jan ak elan ki abite ladan yo, e nou remèsye Kristina Ingerowski pou bèl konsèp maskòt li a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rejyonal Devlopman Olenpik la (Olympic Regional Development Authority, ORDA) Mike Pratt te deklare, "Adirondack Mac se sa nèt kòm anbasadè pou Je Mondyal Inivèsité FISU k ap vini yo. Mac senbolize jan plezi anplennè a bon pou lasante tout moun, e lespri sa a ap pwospere toupitou nan Adirondacks yo ak nan tout sit ORDA yo."

Direktè Egzekitif Konsèy Espò Adirondack North Country an (Adirondack North Country Sports Council) Ashley Walden te deklare, "Maskòt la se yon senbòl Je yo. Adirondack Mac anime Je yo poutèt li reprezante kè kontan, enèji, detèminasyon ak gou pou espò ki genyen nan Je yo, nan North Country ak nan tout rejyon an."

Adirondack Mac pral anbake nan yon vizit toutotou Eta New York, ap fè sansibilizasyon sou Je Mondyal Inivèsité FISU 2023 yo nan Lake Placid ak sou rejyon North Country an. Piblik la kapab "Rankontre Mac" nan laparisyon sa yo, e pral gen plis toujou apre sa:

- Samdi 13 novanm nan Mt. Van Hoevenberg - 12:30 p.m. - 2:00 p.m.
- Samdi 20 novanm nan Parad Fèt Fendane Schenectady an - 5:00 p.m.

- Vandredi 26 novanm nan Mòn Whiteface
- Samdi 27 novanm nan Mòn Gore

Y ap travay sou lòt okazyon pou "Rankontre Mac" e w ap ka jwenn yo [isit la](#).

An mas 2018, yo te chwazi Lake Placid pa Federasyon Espò Inivèsitè Entènasyonal (International University Sports Federastion, FISU) la pou òganize 31èm Winter Universiade la. FISU World University Games se yon evènman espòtif ak kiltirèl entènasyonal yo òganize chak dezan nan yon vil diferan. Konpetisyon 11 jou a mennen vini 2,500 espòtif ak antrenè inivèsitè pou konpetisyon nan diferan disiplin tankou paregzanp eski desant, eski akwobatik ak eski sou chemen, biyatlon, patinaj vitès, curling, patinaj atistik, hòki, patinaj vitès sou pis kout ak planch a nèj. Je yo pral sèvi ak anplil enstalasyon espòtif nan zòn nan, pami yo sit olenpik ORDA ap jere yo.

New York se sèl eta nan Etazini ki òganize Je Mondyal Inivèsitè FISU yo, e 2023 ap make dezyèm fwa Lake Placid ap akeyi yo. Anvan sa kominote North Country an te òganize Je yo an 1972, e Buffalo te sit je ete yo an 1993.

Eta New York rezève prèske 240 milyon dola finansman pou soutni pwopriyete ORDA Eta a. Investisman san presedan sa yo nan pwojè imobilye ap amelyore enfrastrikti enstalasyon ORDA yo pou garanti yo kapab kontinye atire ak soutni evènman global a gran echèl, epi an menm tan transfòme enstalasyon nan zòn sa yo an atraksyon pou tout ane a. Sa gen ladan yon nouvo paviyon prensipal Mt. Van Hoevenberg ki evalyeye a 30,000 pye kare, yon montay ris ki se premye ki fèt konsa nan Mt. Van Hoevenberg, ak glisad sou kòd yo ak gondòl Konplèks So Olenpik (Olympic Jumping Complex) la. Anplis de sa, yo enstale nouvo liy glas avèk limyè LED sou so eski HS100 ak HS128 yo, sa ki garanti yon sifas pou sote ki regilye ak fyab kèlkeswa chanjman ki genyen nan kondisyon meteyo yo.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)